


Sifilis – Fèy Enfòmasyon CDC



Sifilis se yon maladi moun pran nan fè bagay (MST) epi ki kapab gen konplikasyon ki grav anpil lè li rete san trete, men li fasil pou geri avèk tretman kòrèk la.

Kisa sifilis ye?

Sifilis se yon enfeksyon moun pran nan fè bagay ki ka lakòz pwoblèm sante grav si li pa trete. Sifilis genyen plizyè stad (primè, segondè, inaktif ak tèsyè) ak diferan siy ak sentòm ki asosye ak chak stad.

Kijan sifilis simaye?

Ou kapab pran sifilis nan kontak dirèk avèk yon blese maleng sifilis pandan w ap fè bagay nan vajen, dèyè oswa nan bouch. Ou kapab jwenn blese sifilis sou oswa toutotou peni an, vajen an oswa anis la oswa nan rektòm lan, sou lèy yo oswa nan bouch la. Yon manman ki enfekte kapab transmèt sifilis tou ba tibebe ki poko fèt la.

Ak kisa sifilis sanble?

Sifilis genyen plizyè stad (primè, segondè, inaktif ak tèsyè) ak diferan siy ak sentòm ki asosye ak chak stad. Yon moun ki gen **sifilis primè** anjeneral genyen yon bouton maleng oswa plizyè nan premye Zòn enfeksyon an. Bouton maleng sa yo pete sou oswa toutotou pati jenital yo, toutotou anis lan oswa nan rektòm lan, oswa anndan oswa toutotou bouch la. Bouton sa yo anjeneral (men pa toujou) di, won, epi yo pa fè mal. Sentòm **sifilis segondè** gen ladann demanjezon po, nodil lenf anfle, ak lafyèv. Siy ak sentòm sifilis primè ak segondè ka modere, epi yo gen dwa pa wè yo. Nan **stad inaktif**, pa gen okenn siy oswa sentòm. **Sifilis tèsyè** asosye ak pwoblèm medikal grav epi se doktè anjeneral ki dyagnostike l grasa plizyè tès. Li ka afekte kè a, sèvo a ak lòt ògan nan kò a.

Kijan mwen ka bese risk pou m trape sifilis?

Sèl fason pou evite maladi moun pran nan fè bagay (MST) se pa nan fè sèks nan vajen, nan dèyè ak nan bouch.

Si w aktif nan fè sèks ou ka fè bagay annapre yo pou diminye chans pou trape sifilis:

- Antann ak patnè w pou nou gen yon relasyon estab avèk yon sèl patnè ki te fè tès sifilis epi ki pa genyen sifilis;

- Itilize kapòt lateks, kòm sa dwa, (<https://www.cdc.gov/condomeffectiveness/male-condom-use.html>) chak fwa w ap fè bagay. Kapòt anpeche transmisyon sifilis paske li anpeche kontak fèt ak yon bouton maleng. Pafwa bouton parèt nan zòn ki pa kouvri ak yon kapòt. Kontak ak bouton sa yo ka toujou transmèt sifilis.



Egzanp yon blese sifilis primè.

Èske mwen riske pou gen sifilis?

Nenpòt moun ki aktif nan sèks kapab gen sifilis si li fè bagay san pwoteksyon nan anis, nan vajen oswa si li fè sèks nan bouch. Pale yon fason ki onèt e ki klè avèk pwofesyonèl swen sante ou epitou mande li si ou ta dwe fè tès pou sifilis oswa pou lòt MST yo. Tout fanm ansent dwe fè tès sifilis nan premye vizit li pandan gwosès la. Ou ta dwe fè tès souvan pou sifilis si ou ansent, si ou se yon gason ki fè bagay avèk gason parèy ou, si ou gen enfeksyon VIH, epi/oswa si ou gen patnè (kèk patnè) ki gen rezilta tès li (yo) pozitif pou sifilis.

Mwen ansent. Kijan sifilis ka afekte tibebe mwen an?

Si ou ansent epi ou gen sifilis, ou kapab transmèt enfeksyon an ba tibebe ki poko fèt la. Si ou gen sifilis sa kapab lakòz tibebe a fèt tou piti. Sa kapab lakòz ou gen plis chans tou pou akouche tibebe ou twò bonè oswa tibebe a ka fèt tou-mouri (yon tibebe ki mouri nan moman li fèt). Pou pwoteje tibebe ou la, **ou ta dwe fè tès pou sifilis pandan ou ansent ak nan moman w ap akouche, epitou ou ta dwe resevwa trètman imedyatman si rezilta tès la pozitif.**

Yon bebe enfekte ka fèt san siy oswa sentòm maladi a. Men, si tibebe a pa trete imedyatman, li ka gen pwoblèm grav nan kèk semèn. Bebe ki pa trete ka gen pwoblèm sante tankou katarak, soud, oswa malkadi, epi yo ka mouri.

Ki siy ak sentòm sifilis?



Gratèl segondè nan ka sifilis sou pla men yo.

Sentòm sifilis kay granmoun varye nan chak stad:

Stad Primè

Pandan premye stad (stad primè) sifilis la, ou ka remake yon sèl bouton maleng oswa anpil. Bouton maleng lan se pozisyon kote sifilis te antre nan kò ou. Bouton yo anjeneral (men pa toujou) di, won, epi yo pa fè mal. Paske bouton yo pa ba ou doulè, ou kapab pa remake yo fasilman. Bouton an rete enjeneral 3 rive 6 semèn epi geri avèk ou san trètman. Menm lè bouton maleng yo ale, ou dwe toujou ap resevwa trètman pou enfeksyon an pa pase nan stad segondè a.

Stad Segondè

Pandan etap segondè a, ou ka gen gratèl sou po ou ak/oswa blesi nan bouch ou, nan vajen ou oswa nan anis (twou dèyè) ou (ki rele lezyon manbràn mizek tou). Anjeneral, stad sa a kòmanse avèk yon gratèl sou youn oswa plis zòn nan kò ou. Iritasyon an kapab parèt lè blese primè ou geri oswa anpil semèn apre blesi a geri. Iritasyon an kapab sanble tach gwosomodo, ki gen koulè wouj oswa mawon ak wouj nan plamen ou ak anba pye ou. Iritasyon po an pap demanje w an jeneral epi pafwa li tèlman lejè ou pa remake li. Kèk nan lòt sentòm ou ka genyen se kapab lafyè, gangliyon lenfatik anfle, malgòj, cheve ou k ap tonbe yon fason ki pa egal, maltèt, pwa kò ou bese, doulè miskilè, a epizman (ou santi ou fatige anpil). Sentòm yo ki nan stad sa a ap pase kit ou resevwa trètman kit



Gratèl segondè sifilis sou lestomak.

ou pa resevwa trètman. Si ou pa resevwa trètman kòrèk la, enfeksyon ou pral pase nan stad inaktif a epi pètèt nan stad tèsyè sifilis.

Stad Inaktif

Stad Inaktif sifilis la se yon peryòd tan lè pa gen siy oswa sentòm sifilis vizib. Si w pa resevwa trètman, ou ka kontinye genyen sifilis nan kò w pandan plizyè ane san okenn siy oswa sentòm.

Stad Tèsyè

Pifò moun ki gen sifilis ki pa trete pa devlope sifilis tèsyè. Men, lè sa rive li ka afekte diferan sistèm ògàn, tankou kè ak veso san yo, ak sèvo a ak sistèm nève yo. Men, lè sa rive, li grav anpil, epi sa ka rive nan 10-30 ane apre enfeksyon ou te kòmanse. Nan stad sifilis tèsyè a, maladi a domaje ògàn andedan kò ou epitou li kapab lakòz ou mouri.

Newosifilis ak sifilis okilè

San trètman, sifilis ka gaye nan sèvo ak sistèm nève (newosifilis) oswa nan zye (sifiliz okilè). Sa ka rive pandan nenpòt stad yo esplike pi wo a. Nan sentòm newosifilis yo w ap jwenn gwo tèt fè mal, difikilte pou kowòdone mouvman misk yo, paralizi (pa kapab bouje sèten pati nan kò w), pèt sansasyon, ak foli (pwoblèm mantal). Sentòm sifilis okilè gen ladann chanjman nan vizyon, ou ka menm vin avèg.

Kijan mwen oswa doktè mwen an ap konnen si mwen gen sifilis?

Pi souvan, doktè a kapab itilize yon tès san pou konnen si ou gen sifilis. Kèk pwofesyonèl swen sante ap dekouvri si ou gen sifilis depi yo teste likid ki sòti nan yon blese sifilis.

Èske sifilis kapab trete?

Wi, sifilis kapab trete avèk bon antibyotik pwofesyonèl swen sante a preskri w la. Men, trètman an p ap defèt okenn domaj enfeksyon an fè deja.

Mwen te trete. Èske mwen kapab pran sifilis ankò?

Si ou te gen sifilis deja sa pap ka anpeche ou pran li ankò. Menm apre trètman ou te bay bon rezilta, ou kapab toujou enfekte ankò. Se sèlman tès laboratwa ki kapab konfime si ou gen sifilis. Li rekòmande pou pwofesyonèl swen sante ou fè lòt tès pou ou yon fason pou asire trètman ou bay bon rezilta.

Paske blesi sifilis yo kapab kache nan vajen an, nan anis la, anba prepis peni a, oswa nan bouch la, li pa ka fasil pou konnen si yon patnè seksyèl ou gen sifilis. Sof si ou konnen patnè seksyèl ou (yo) te teste epi trete, ou ka riske pou pran sifilis ankò nan yon patnè seksyèl ki pa trete.

Ki kote mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?

Sifilis ak MSM - Fèy Enfòmasyon

<https://www.cdc.gov/std/syphilis/stdfact-msm-syphilis.htm>

Sifilis Konjenital - Fèy Enfòmasyon

<https://www.cdc.gov/std/syphilis/stdfact-congenital-syphilis.htm>

Fèy Enfòmasyon - MST pandan Gwosès

<https://www.cdc.gov/std/pregnancy/stdfact-pregnancy.htm>

Enfòmasyon sou MST ak referans pou Klinik MST

Sant Kontak CDC-INFO

1-800-CDC-INFO (1-800-232-4636)

TTY: (888) 232-6348

Contact CDC-INFO

<https://www.cdc.gov/dcs/ContactUs/Form>



Mikwografi *Treponema pallidum* ki gen fon nwa.